



Bibiliya y' Abana
Ishikirije

Igihe Imana Yarema
Ibintu Vyose



Yanditswe na: Edward Hughes

Amashusho ashirwamwo na:
Byron Unger; Lazarus; Alastair Paterson

Itunganywa na: Bob Davies; Tammy S.

Isobanurwa mu Kirundi na:
Rémy Christian NTIRURIKURE

Yateguwe na: Biblefor Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.

Uburenganzira: Murafise uburenganzira bwo kwimura canke
gusohora ku mpapuro iyi nkuru mugihe gusa mutayigurisha.



Ni nde yaturemye? Bibiliya, Ijambo ry'Imana,
ritubwira ingene ubwoko bw'abantu bwatanguye.
Kera, Imana yaremye umuntu wa mbere hanyuma
Imwita Adamu.



Imana yaremye Adamu imukuye mu mukungugu w'isi. Igihe Imana yahumekeramwo ubugingo muri Adamu, yaciye aba muzima. Aca yisanga ari mu mw'itongo ryiza ryitwa Edeni.




Imbere y'uko Imana irema Adamu, Yaremye isi
ihimbaye yuzuye ibintu vy'igitangaza. Bukebuke,
Imana irema imisozi, n'ibiyaya, amashurwe amota
neza n'ibiti birebire, inyoni z'amababa ayagayaga
n'inzuki ziguruka mu kirere, n'amafi manini manini
yoga mu kiyaga n'ibifyera vyikwega.

Mu bisanzwe, Imana yaremye
vyose-hariho
vyose.



Mu ntango ya vyose, imbere y'uko
Imana irema icyo ari cyose, nta
kindi cariho Atari Imana. Nta
bantu canke ibibanza canke
ibintu. Nta na kimwe.
Nta muco kandi nta
mwiza. Nta hejuru
nta hasi. Nta ejo
haheze, nta ejo haza.
Hariho gusa Imana
Itarifise itanguriro.
Hanyuma Imana irakora!



Mu ntango,
Imana yaremye
ijuru n'isi.



Kandi isi yari ikiri i buziba
ata shusho ifise.


Kandi umwiza wari
hejuru y'amazi.

Hanyuma


Imana

iravuga:


"Reka
habe
umuco."



Kandi haca haba umuco. Imana yita umuco
Umurango nayo umwiza Iwita Ijoro. Haraheza haba
umugoroba hamwe n'igitondo biba umusi wa mbere.



Ku musi ugira kabiri, Imana izana amazi y'ibahari,
ibiyaga n'inzuzi ibishira munsi y'ijuru. Ku musi ugira
gatatu, Imana iravuga, "reka isi yumye iboneke."
Kandi biba uko.



Imana yongera itegeka ivyatsi n'amashurwe n'uduti dutoduto n'ibiti ngo bigaragare. Kandi biraheza biragaragara. Hanyuma haba umugoroba n'igitondo biba umusi ugira gatatu.




Hanyuma Imana irema
izuba, hamwe n'ukwezi, hamwe
n'inyenyeri nyinshi ata n'umwe
yoshobora guharura. Haraheza
haba umugoroba n'igitondo,
uba umusi wa kane.



Ivyaremwe vyo mu kiyaga
n'amafi n'innyoni vyarakurikira
ku rutonde rw'Imana. Ku
musi ugira gatanu Irema ifi
nini gushika kw'ifi ntonto,
innyoni z'amaguru maremare
n'innyoni ntonto ziririmba.
Imana irema ubwoko
bwose bw'ifi kugira zuzure
amazi yo kw'isi, n'ubwoko
bwose bw'innyoni ngo
bunzerererwe ubutaka
n'ikiyaga n'ijuru. Habaho
umugoroba n'igitondo
uba umusi ugira gatanu.



Inyuma y'ivyo, Imana iravuga kandi. Ivuga, "Reka isi ivyare ibinyabuzima..." Ubwoko bwose bw'ibikoko n'udukoko dutoduto n'ivyikwega hasi bica birabaho. Habaho inzovu zinyiganza isi n'ifuku zo mu mwobo. N'inkende zitaguma hamwe n'ingona zigenza nabi. N'imisiba inyogomba n'utunyo tutagira ishusho. N'imisumbaremba miremire n'utuyabu tujwira. Igikoko c'ubwoko bwose caremwe n'Imana kuri uyo musu.



Haba umugoroba n'igitondo uba umusi
ugira gatandatu.



Imana yarakoze ikindi kintu ku musu wa gatandatu-
ikintu kidasanzwe. Vyose vyari bikwiye ku mwana
w'umuntu. Hari indya mu mirima hamwe n'ibikoko
vyo kumukorera. Hanyuma Imana

iravuga, "Reka Tureme umuntu
mw'ishusho yacu. Reka abe
uganza vyose kw'isi." N'UKO

IMANA IREMA UMUNTU

MW'ISHUSHO YAYO;

MW'ISHUSHO

Y'IMANA

IRAMUREMA.



Imana Ibwira
Adamu. "Rya
ico ugomba
mw'ishamba.
Ariko ntuze
urye ku giti co
kumenya iciza
n'ikibi. Ukazorya
kuri ico giti,
uzopfa
ntakabuza."



Hanyuma UHORAHO IMANA avuga, "si vyiza ko umugabo yoba wenyene. Nzorema umufasha kubwiwe." Imana izana inyoni n'ibikoko

vyose imbere ya Adamu. Adamu abiha amazina vyose. Yategerezwa kuba incabwenge mu gukora ivyo.

Ariko muri izo nyoni n'ibikoko vyose nta mufasha yarahwanye na Adamu.



Imana ishira Adamu mw'itiro rinini
cane. Imaze gukura igufa ryo mu
rubavu rumwe rw'uwo mugabo
asinziriye, Imana ikura
Umugore mu rubavu rwa
Adamu. Umugore Imana
yaremye yarakwiye
kuba nyene
umufasha
wa Adamu.



Imana yaremye ibintu vyose mu misi itandatu. Hanyuma, Imana ihezagira umusi w'indwi kandi iwugira umusi w'akaruhuko. Mw'Ishamba rya Edeni, Adamu na Eva, umugore wiwe bari bafise umunezero wuzuye mu kubaha Imana.



Imana yari Umwami wabo,
Uwubaha ivyo bakeneye
kandi Umugenzi wabo.



Igihe Imana Yarema Ibintu Vyose

Inkuru ivuye mw'Ijambo ry'Imana, Bibiliya

tuyisanga muri

Itanguriro 1-2

"Guhishurirwa amajambo yawe kuzana umuco,
guha abatungu ubwenge." Zaburi 119:130



Iherezo



Iyi nkuru ya bibiliya itubwira kuvyerekeye Imana yacu y'igitangaza yaturemye kandi igashaka ko tuyimenya.

Imana irazi ko twakoze ibibi, arivyo yita icaha. Igihano c'icaha ni urupfu ariko Imana iragukunda cane yarungitse umwana wayo w'ikinege, Yesu, gupfa ku musalaba kugira ahanwe kubw, ivyaha vyawe. Hama Yesu asubira kubaho aca agenda I muhira mw'ijuru. Niwizera Yesu ukamusaba aguharire ivyaha vyawe, azobikora. Azoza abe muri wewe, hama uzobana na we ibihe bidashira.

Niwizera uko ni ukuri, bwira Imana ibi:
Yesu mwiza, ndizera ko uri Imana, kandi wacitse umuntu ugapfa kubera ivyaha vyanje, hama ubu ukaba uri muzima. Rero ingo mu bugingo bwanje hama uharire ivyaha vyanje, kugira ngire ubugingo bushasha, hama umunsi umwe nze mbane na we ubugingo budashira. Mfasha kugira ndakwumvire kandi mbeho ku bwawe nk'Umwana wawe. Amen.

Soma bibiliya hama uvugane n'Imana iminsi yose. Yohana 3:16

